

JANVYE 2009

1ye nimewo

## Nan nimewo sa a

[Mesaj Prezidan an](#)

[Anons enpòtan](#)

[Komite yo](#)

[Briefing Nouvèl Miami-Dade](#)

[Briefing Nouvèl Konte Monroe](#)

## Lyen rapid

[Early Learning Coalition](#)

[VPK](#)

[Agency for Workforce Innovation](#)

## Misyon e Vizyon ELC

### Misyon

Pou pwomouvwa preparasyon eskolè bon kalite, gadri benevòl e pwogram apre lekòl, pou ogmante konsa chans tout timoun pou yo jwenn siksè nan

## Mesaj Prezidan an



21 janvye 2009, pwojè-lwa 501 Chanm Reprezantan te depoze. Pwojè-lwa sa a pwopoze elimine tout kowalisyon pou aprantisaj prekòs nan Eta Florid. Pouvwa, fonksyon ak devwa chak kowalisyon fèt pou transfere bay Ajans pou Inovasyon Mendèv (AIM) koumanse 1ye jiyè 2009. Konsa, Gouvènman Leta a se pral sèl antite responsab pou administre Pwogram Preparasyon pou lekòl (School Readiness) ak gadri volontè (VPK).

Kòm paran ak founisè ki trè konsène osijè edikasyon ak swen pitit nou pral resevwa, li trè enpòtan pou nou travay men nan lamen ansanm ak zanmi pwofesè yo, patnè kominotè e ofisyèl nou eli yo pou nou anpeche yo vote lwa sa a. Lè ou pèmèt Leta pran anchaj tout responsabilite pou administre pwogram preparasyon eskolè yo ansanm ak resous yo, sa vin dekouraje wòl yon kominote ki trè aktif nan swen ak edikasyon prekòs pitit nou yo. Se pou rezon sa a menm Leta òganize kowalisyon lokal ak yon Konsèy konsiltatif pou aprantisaj prekòs (Early Learning Advisory Council); pou founi fanmi Eta Florid yo yon aksè ki pi dirèk e pi lokalize. Pou byennèt timoun nou yo, nou pa kapab pèmèt koneksyon esansyèl sa a pou li disoud.

Patisipasyon pèsonèl aktif nesèsè pou asire siksè timoun nou pou tout lavi, n ap pèdi l si asosyasyon kominotè yo pa gen dwa administre pwogram ak resous preparasyon eskolè yo. Pandan twa (3) lane ki sòt pase yo, Kowalisyon pou aprantisaj prekòs Konte Miami-Dade/Monroe yo te ajoute plis pase \$22,000,000 nan sistèm aprantisaj prekòs nan Konte Miami-Dade ak Monroe grasa sibvansyon ak investisman federal, lokal, oswa fondasyon ak gwo antrepriz te akòde.

Nou reyalize kokennchenn pwogrè nan sistèm aprantisaj prekòs Eta Florid la grasa patisipasyon sektè prive a, founisè swen pou timoun yo, sistèm lekòl la, gwo efò anfavè kòz sa a, ansanm ak kowòdinasyon nan tout Eta a avèk patnè piblik nou yo. Chanjman radikal ki esplike nan pwojè-lwa y ap pwopoze a pral kase ritm ak angajman nou te atenn ansanm ak pwogrè nou akonpli yo.

Se nou ki se premye pwofesè timoun nou yo. Grasa oryantasyon kowalisyon aprantisaj prekòs yo, se nou ki ta dwe moun ki sipèvizè dirèkteman e ki detèmine evolisyon swens ak edikasyon prekòs yo. Ann nou ranfòse mesaj plis toujou enpòtan sa a pou anpeche yo pwomilge Pwojè-lwa 501 Chanm Reprezantan an. Mèsi pou sipò w.

Avèk sènsèrite,

Octavio A. Verdeja, Jr.  
Prezidan, Konsèy Administratif

## Anons enpòtan

**Pwojè-lwa osijè ranfòsman pou Swen ak edikasyon prekòs**

lekòl e pou tounen manm lasosyete ki pwodiktif. Kowalisyon la ap chèche satisfè bezwen fizik, sosyal, emosyonè e entelektyèl timoun nan Konte Miami-Dade ak Monroe vèk yon priorite pou timoun depi yo fèt rive 5 lane.

## Vizyon

Pou asire yon sistèm total e entegre k ap founi tout fanmi ak pitit yo, koumanse anvan nesans rive 5 lane, opòtinite ekonomik pou antre lekòl tou pare pou yo aprann e pou yo reyisi nan lavi.

## Reyinyon kominotè

29 janvye 2009  
9è:30 nan maten rive  
1è:30 nan apremidi  
Sesyon lejislatif piblik

Nan yon sesyon kongrè tou lòt jou, Reprezantan Demokrat yo te pibliye yon rezime yon pwojè-lwa pou ranfòsman. Seksyon ki te konsène swen ak edikasyon prekòs la, jan sa endike annapre a, potko finalize, sepandan li endike priorite potansyèl Kongrè a pou pwojè-lwa ranfòsman an.

- **Sibvansyon anblòk pou devlopman swen pou timoun:** \$2 milya pou founi sèvis swen pou timoun nan fanmi ki gen revni ki fèb, oswa pou 300,000 timoun anplis kin an fanmi ki gen revni ki fèb pandan paran yo ap travay. Koulye a sèlman yon timoun sou sèt (7) ki elijib pou resevwa swen
- **Head Start:** \$2,1 milya pou founi yon sèvis pou devlopman total pou ede 110.000 timoun anplis reyisi lekòl. Lajan sa distribye selon bezwen yo. Se sèlman mwatye tout timoun ki gen laj pou ale nan gadri e mwens pase 3 pousan timoun piti ak tibebe patisipe nan Head Start
- **IDEA Tibebe ak fanmi :** \$600 milyon pou sibvansyon pou ede eta yo sèvi timoun ki andikape ki gen 2zan oswa mwens
- **Sibvansyon anblòk pou sèvis kominotè:** \$1 milya pou sibvansyon nan kominote lokal pou sipòte efò anfavè anplwa, manje, lojman ak swen sante pou sèvi moun resesyon an ki te frape pi fò. Ajans aksyon kominotè yo te konstate yon kokennchenn ogmantasyon nan kantite moun k ap mande yo asistans akòz chomaj, fòklizyon ka yak ogmantayson pri manje ak gazolin
- **Sibvansyon anblòk pou devlopman kominotè:** \$1 milya pou pwojè devlopman kominotè ak ekonomik ki gen ladann lojman ak sèvis pou moun resesyon ekonomik la te frape pi fò yo
- **Lejislasyon osijè Medicare ak Medicaid:** Pwojè-lwa a pwolonje delè moratoryòm pou règlemantayson Medicaid ak Medicare jiska 1ye oktòb 2009

## Fowòm piblik konsènan chanjman nan finansman VPK

Samdi 17 janvye 2009, Prezidan ak Direktè Jeneral Kowalisyon an Evelio C. Torres te patisipe nan yon reyinyon ekspè Alyans pou Swen ak edikasyon prekòs (Alliance for Early Care and Education) te òganize pou diskite chanjman yo vle fè nan finansman Gadri volontè (Voluntary Prekindergarten - VPK) ak kijan chanjman say o pral afekte edikasyon prekòs nan kominote nou an. Anbyans reyinyon an te trè e Alyans la te fè yon bon travay lè li òganize evènman sa a lit e rekòmande yo bay resous siplemantè pou sistèm swen ak edikasyon prekòs la.

Men lis moun ki te patisipe nan reyinyon ekspè yo: Reprezantan Eta yo James Bush, III (D-109); Anitere Flores (R-114); Erik Fresen (R-111); ak Yolly Roberson (D-104). Swasant-twa founisè te prezan nan fowòm piblik la.

Pami sijè ki te diskite, te gen :

- Kijan pou redui kantite dokiman ki nesèsè ak siveyans

- Kreyasyon yon sistèm elektwonik pou founisè pou rapòte frekantasyon elèv yo
- Ogmantasyon to ranbousman yo
- Pwolonje benefis SR yo (pandan 90 jou) pou paran ki pèdi tavay yo
- Eksplore lòt sous revni, ikonpri ogmantasyon sèten taks
- Sispann demann pou pwofesè ki diplome, sòf si gen lajan pou sipòte egzijans sa a
- Administre estratejikman demann pou kwenn kalite, pou asire li konpatib avèk lajan disponib la pou sipòte totalman tout efò a onivo santral (salè, benefis)
- Ajoute òganizasyon ki resevwa lajan Leta nan kontra ki gen klòz dwa piblik pou òganizasyon sa yo gen dwa elijib pou achte selon to piblik yo

Nou apresye sensèman volonte reprezantan Eta nou yo pou pran tan yon samdi apremidi, apre yon sesyon lejislatif nou konnen ki trè fatigan, pou patisipe nan efò bi-patizan an pou tandè enkyetid kominote nou a ki anchaj swen ak edikasyon prekòs. Nou gen anpil chans poutèt nou genyen reprezantan pwofesyonèl ki sitèlman konpreyansif e konpatisan ki reprezante enterè kominote nou a nan Tallahassee. Tout kat (4) reprezantan Eta a dakò pou kontinye travay tèt ansanm ak gwoup la pou jwenn solisyon pou konfwonte defi sa yo ansanm ak lòt pwoblèm toujou. Yo pral òganize yon dezyèm reyinyon. Tanpri rete atantif pou kapab tandè pwochen enfòmasyon sou reyinyon sa yo.

### Pwoteksyon anviwònman

Kowalisyon an ap fè pwogrè pou kreye yon anviwònman biwo ki plis respekte lanati. Youn nan premye pwosede n ap chanje yo se metòd distribisyon Journal enfòmasyon (News Alert) nou an ansanm ak lòt kominikasyon demas. Sa va pèmèt sèvi avèk mwens papyè e redui kantite dechè yo jete nan anviwònman an.



Pou ankouraje founisè yo abone pou resevwa sèvis livrezon elektwonik nou an, nou deside òganize yon konkou. Premye 20 founisè ki kreye yon kont imèl òganizasyon ofisyèl kote yo kapab resevwa kourye Kowalisyon an pral resevwa yon kat-kado pou Sinema AMC Movie Theaters. Se sèlman founisè ki poko genyen adrès elektwonik ki enskri nan baz done nou an ki gen dwa patisipe nan konkou sa a. Yo te deside pwolonje konkou a jiska 15 fevriye 2009. Tanpri voye imèl w yo bay [gcarreras@elcndm.org](mailto:gcarreras@elcndm.org). Konpleendike enfòmasyon konte nou kapab kontakte w, ki gen ladann : non sant la, adrès, ak nimewo telefòn ak faks.

Pwogram patenarya ekzekitif konsènan swen pou timoun  
Pran avantaj yon kokennchenn pwogram ! Nou felisite founisè

yo ki soumèt akò CCEP bay Alina Soto nan Kowalisyon an. Pwochen etap la se pou fakte Fòm Premye Etap Pre-Filtraj (Step One Pre-Screening Form) ansanm avèk enfòmasyon anplwaye w bay Sharon Gordon nan (305) 514-6152 si w rete nan Konte Miami-Dade, e bay Kathy Snyder nan (305) 292-7156 si w abite nan Konte Monroe.

Anplwaye ki elijib yo ta dwe voye Fòm Pre-Filtraj (Pre-Screening Form) sèlman; li pa nesèsè pou voye lòt dokiman bay Madan Gordon oswa Madan Snyder. Depi yo fin resevwa Fòm Pre-filtraj la, yon moun pral kontakte anplwaye a pou fikse yon randevou pou determine si li elijib.

Esplikasyon : Pwopriyetè sant swen ak edikasyon prekòs yo pa kalifye pou ranbousman pou swen yo founi pwòp timoun yon an sant la. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon osijè Pwogram CCEP a, ale konsilte sit Wèb nou an nan [www.elcmdm.org](http://www.elcmdm.org), oswa rele Alina Soto nan (305) 646-7220, ekstansyon 282.

## Konsèy administrasyon yo

Jan nou te wè l nan jounal presedan an, nou te prezante manm konsèy administrasyon nou an pou kapab familiarize kominote nou a avèk pwofesyonèl devwe ki sèvi nan Konsèy administrasyon Kowalisyon an. Mwa sa a, se avèk plezi n ap prezante Vis-prezidan Konsèy administrasyon an, Doktè Yvonne Turner Johnson, M.D.



Nan kad efò pou evite pwoblèm live nan Nòdès, Doktè Yvonne Turner Johnson vin Miami nan lane 1987, e li travay nan Depatman Ijans Lopital South Miami pandan 10 lane. Pasyon li genyen pou eksitasyon ki gen nan medsin dijans, sab ak solèy nan Sid Eta Florid avèk divèsite kiltirèl Miami-Dade la te ankouraje l etabli l nan kominote sa a.

Doktè Johnson te fèt Atlantic City, New Jersey, li resevwa diplòm li nan Harvard College ak nan Howard University College of Medicine. Lè li te pran diplòm li nan lane 1987, li fini rezidans li nan Lopital Inivèsitè Jackson Memorial Hospital/University of Miami nan lane 1990. Doktè Johnson te fè pati pèsònèl Depatman Ijans nan Lopital Cedars Hospital pandan plis pase 7 lane e li te fè pati tou nan pèsònèl Depatman Ijans Emergency Department of Doctor's Hospital nan Coral Gables. Doktè Johnson te asosye nan yon kliniik prive pandan plizyè lane avèk Doktè Robert Cava e li te benefisye privilèj antan manm pèsònèl nan Mercy Hospital tou anvan li te chwazi pou dedye lavi pwofesyonèl li sèlman nan pratik medsin dijans.

Alèkile, Doktè Johnson ap sèvi kòm manm nan Komite egzekitif medikal (Medical Executive Committee) nan South Miami Hospital ansanm ak nan plizyè lòt komite ki kreye selon bezwen yo (ad hoc committees). Li se Direktè Depatman Ijans nan Inite Kriz Kadyak nan South Miami Hospital e li patisipe nan plizyè konferans antan ekspè-konferansye sou sijè « Fanm e Maladi kadyak » lokalman ak aletranje.

Doktè Johnson manm Kowalisyon aprantisj prekòs nan Konte Miami-Dade/Monroe depi 2001, e kloulye a li se Vis-Prezidan Konsèy Administrasyon e Direktè Komite Nominasyon an. Li se manm Kolèj Doktè Ameriken (American College of Physicians) et li angaje aktivman nan Asosyasyon Medikal Nasyonan (National Medical Association). Doktè Johnson fè pati Konsèy egzekitif Branch South Miami Jack and Jill of America. Li te fè pati Konsèy administrasyon Lekòl balè Vil Miami a (Miami City Ballet School) e se li ki te doktè pou Pwogram entènasyonan pandan peryòd dete lekòl bale a pandan plizyè lane.

Doktè Yvonne Johnson marye avèk Albert Johnson, II. Yo gen twa (3) timoun, Jessica; Albert, III; ak Jasmine.

## Dekripsyon Komite yo

Nan yon efò pou ankouraje patisipasyon, tanpri al gade deskripsyon responsabilite chak Konsèy Administrasyon. Si ou ta renmen patisipe nan nenpòt reyinyon sa yo oswa oswa out a renmen angaje tèt w, nou table lis reyinyon yo pral òganize. Ou kapab tou li kalandriye « Evènman » ki sou sit [Wèb nou an](#).

**Konsèy egzekitif:** Konsèy egzekitif la responsab founi direksyon bay manm konsèy administrasyon yo. Yo reyisi fè sa lè yo etabli politik pou ankouraje gouvènans efikas, administrasyon e reprezantasyon jiridik; lè yo revize e rekòmande pwòje lejislatif nan tout nivo gouvènman; e lè y ap rezoud konfli pami komite ak ant Kowalisyon ak lòt patnè yo.

**Komite nominasyon:** Komite nominasyon responsab nome ofisyè ak manm e pou deziyen tou ofisyè ranplasan lè gen pòs ki vakan nan Komite a.

**Komite pou politik ak estrateji pwogram yo:** Komite pou politik e estrateji pwogram yo response pou li evalye pwogram Kowalisyon yo, pou fòmle estrateji ak pou fè rekòmandasyon konsènan politik yo pou kapab amelyore kalite swen ak edikasyon prekòs nan Konte Miami-Dade ak Monroe.

**Komite pou founisè sèvis:** Komite Sèvis founisè yo responsab pou etidye kesyon ak pwoblèm founisè swen ak edikasyon prekòs nan Konte Miami-Dade pou toulede Preparasyon pou lekòl (School Readiness) ak Gadri volontè (Voluntary Prekindergarten - VPK).

**Komite pou gouvènans ak estati yo:** Komite gouvènans ka estate yo revize detanzantan konstitisyon Kowalisyon, politik ak pwosedi li yo. Li responsab pou fè rekòmandasyon bay Konsèy administrasyon an konsènan politik yo ki founi yon oryantasyon espesifik ak yon direksyon bay Kowalisyon an ak dirijan li yo, ki an rapò ak tout aspè enpòtan gouvènans.

**Komite verifikasyon (odit):** Komite verifikasyon (odit) kontre pou diskite odit antite ekstèn endepandan te fè pou asire l Kowalisyon an ap respekte Konstitisyon ak Lwa Eta a, jan Ajans pou Inonvasyon Mendèv mande a.

**Komite finans:** Komite finans la responsab pou founi yon sipèvizyon sou obligasyon finansyèl Kowalisyon an, pou revize konpliyans avèk politik, pwosedi ak lwa ak règleman ki aplikab Kowalisyon an.

**Komite soutyen lejislatif:** Komite soutyen lejislatif responsab pou travay ak lejislatè yo pou kapab edike ak pwomouvwa finansman ak sipò pou swen ak edikasyon prekòs.

## **Reyinyon Konsèy administrasyon ak Komite yo ki pra òganize byento:**

<u>Non</u>	<u>Dat</u>	<u>Lè</u>	<u>Anplasan</u>
Komite finans	26-Jan	8:00 AM	ELC Board Room
Konsèy Administrasyon	02-Feb	8:00 AM	ELC Board Room

## **Bilten nouvèl Konte Miami-Dade**

### ***Preparasyon pou lekòl (School Readiness)***

### **Kowalisyon an kontinye resevwa finansman pou Inisyativ Rekonesans ak Repons la**

Kowalisyon aprantisaj prekòs (Early Learning Coalition) te selskyone pou kontinye resevwa finansman pou fini Inisyativ Rekonesans ak Repons la nan kad patenary li te fè ak Fondasyon pou timou piti Early Childhood Initiative Foundation, ak patnè oryantasyon larechèch li, Frank Porter Graham Child Development Institute nan Chapel Hill, North Carolina. Etid sa a baze sou larechèch e li itilize mCLASS:Circle pou evalyasyon ak pwogramasyon entèvansyon Read It Again! Yo founi pwogram sa a nan 13 sant swen ak edikasyon prekòs (pou timoun piti ki poko gen laj pou ale lekòl), konsa yo okipe tout pitit ki gen 4 lane nan 16 sal klas ototal nan tout Konte Miami-Dade la.

Fondasyon Emily Hall Tremaine la te finanse pwojè Rekonesans ak Repons la pandan 2 lane ki sòt pase yo, e ekstansyon delè sa a pral pèmèt fini etid la. Yo atenn yo aske rezilta larechèch yo pral gen yon enpòtans nasyonal, kote l ap founi idnatifikasyon ak estrateji pou jenn timoun ki gen difikilte pou yo aprann lekòl. « Nou gen anpil rekonesans pou Fondasyon Tremaine la poutèt envestisman jenere y ap fè nan kominote nou a e anfavè timoun nou yo. N ap travay san rete ak patnè larechèch nou yon an Frank Porter Graham Child Development Institute pou asire pwojè sa a ap resevwa rekonesans nasyonal li merite a, konsa lòt kominote kapab benefisye rezilta travay nou ». Se deklarasyon Evelio C. Torres, Prezidan ak Direktè Jeneral Kowalisyon aprantisaj prekòs la.

Direktè Pwogram enklizyon Kowalisyon an (Coalition Inclusion Program) Bethany Sands ansanm ak Ekip Enklizyon e evalyasyon an merite anpil louwanj pou fason yo devwe kò yo anfavè devlopman pwofesyonèl edikatè yo ansanm avèk siksè edikasyon timoun yo. Nou kontan e nou apresye tou direksyon ak soutyen David Lawrence, Jr., ak Ana Sejeck ki travay nan Fondasyon The Early Childhood Initiative Foundation/Ready Schools Miami pou konfyans yo te genyen nan ekip nou an e poutèt yo travay di pou jwenn finansman ak pwogram innovate pou kominote nou a.

### **Mizajou sou Finansman Konferans NACCRA la**

Nan nimewo 17 Bilten Nouvèl (News Alert) la, nou te anonse Kowalisyon an t ap òganize yon tonmbola pou finance depasman ak patisipasyon twa founisè nan konferans NACCRA k ap òganize nan Washington, DC, 10 a 14 mas 2009.

Tanpri remake poutèt rediksyon bedjetè nou fè tou lòt jou, nou panse li nesèsè pou nou anile finansman pou tout pèsonèl e founisè sèvis ELC yo. Nou regret nou tout ap rate gwo opòtinite pou amelyore konpetans pwofesyonèl sa a ak pou etabli kontak, men nan moman difikilte ekonomik n ap viv yo, nou tout dwe fè efò pou pwoteje resous nou k ap dimiye. Nou remèsye ou pou konpreyansyon ou. Si gen kesyon ou a renmen poze oswa gen bagay ki preyokipe ou, tanpri rele Alina Soto nan adrès sa a [asoto@elcmdm.org](mailto:asoto@elcmdm.org) oswa rele nan (305) 646-7220, ekstansyon 282.

### ***Mizajou Gadri volontè (Voluntary Prekindergarten - VPK)***

#### **To Preparasyon VPK pou lane 2007-2008**

Yo afiche tariff preliminè yo sou sit Web To Preparasyon (Readiness Rate) nan <https://vpk.fldoe.org/>. Ou kapab wè pwòp tariff pa ou lè ou ekri non itilizatè w ak modpas ou. Ou gen jiska 29janvyè 2009 pou depoze kèlkeswa dispit ou a genyen. Tanpri pa bliye ou dispit ou dwe gen pou wè ak done yo, e li pa ka gen pou wè ak opinion pèsonèl osijè pwosesis la. To minimòm la pa fiske anvan Konsèy edikasyon Eta a kontre nan reyinyon nan fen mwa a.

#### **Chanjman pwopriyetè**

Si w ap vann sant w, tanpri avèti achtè a w ap patisipe nan VPK pou nouvo pwopriyetè a kapab soumèt yon nouvo seri dokiman aplikasyon anvan yo emèt nouvo lisans lan. Inite Sètifikasyon

an gen dwa analize enfòmasyon e pou decide si yo ta bezwen plis dokiman toujou. Depi founisè a fin resevwa nouvo lisans lan, lit a dwe fakte l bay Kowalisyon an san pèdi tan. Sa pral ede l pa pèdi lajan oswa ekstansyon delè VPK a.

### Pwopozisyon pou redui bidjè VPK nan Konte Miami-Dade

Pwopozisyon pou redui bidjè pou jaden danfan volontè (Voluntary Prekindergarten) gen ladann yon rediksyon \$860,748. Y ap redui alokasyon debaz pou ane eskolè a (pri pou chak timoun) pa \$53,77 (\$2.666,11 desann rive \$2.612,34) pou rès pwogram ane lekòl la. Y ap redui alokasyon debaz pou peryòd lete (pri pou chak timoun) pa \$444,35 (\$2.666,11 desann rive \$2.221,76).

### Èske ou decide fè sèten chanjman?

Ou dwe soumèt tout chanjman yon nan yon fòm orijinal. Lè w ap soumèt yon chanjman, pa bliye voye fòm ki kòrèk la (Fòm(s) 10 e/oswa 11) avèk yon Fòm notifikasyon ki endike chanjman w ap fè a. Ou pa tad we fakte chanjman yo.

### Èske Tit konpetans Direktè w ajou?

Tit konpetans direktè yo te kòmanse ekspire koumanse 1ye janvyè 2009. Tanpri gade sètifika w. Si l ap ekspire pandan pwochen mwa k ap vini yo, out a dwe kòmanse pwosesis renouvèlman an depi koulye a. Si ou kite tit konpetans ou ekspire, sa gen dwa konpwomèt pwogram VPK ou. Biwo nou ap analize dosye yo pou detekte tit konpetans direktè yo ki ekspire.

### VPK nan peryòd lete

Si w gen lentansyon òganize yon Pwogram VPK pandan peryòd lete, li pa twò bonè pou kòmanse planifye. Yo te ogamnte limit kantite timoun ki gen dwa nan yon menm klas rive 12 elèv pou chak pwofesè. Tanpri remake chanjman nan ranbousman ki liste anlè a. N ap kòmanse aksepte aplikasyon yo koumanse 17 fevriye 2009. Pa bliye ke nou bezwen apeprè 2 semèn pou revize dosye w pandan peryòd chaje lè n ap resevwa tout enskripsyon yo anmenm tan.

## Briefing Nouvèl Konte Monroe

### Pwopozisyon pou redui bidjè VPK nan Konte Monroe

Pwopozisyon pou redui bidjè pou jaden danfan volontè (Voluntary Prekindergarten) gen ladann yon rediksyon \$860,748. Y ap redui alokasyon debaz pou ane eskolè a (pri pou chak timoun) pa \$53,79 (\$2.667,16 desann rive \$2.613,37) pou rès pwogram ane lekòl la. Y ap redui alokasyon debaz pou peryòd lete (pri pou chak timoun) pa \$444,53 (sòti \$2.667,16 desann rive \$2.222,63).

Atelye travay «Zouti aprantisaj pou jenn timoun »



Mantò Sal klas ELC, Trina Rodriguez (sou foto a) ak Amber Eby, te òganize yon Atelye travay « Zouti ansèyman pou jenn timoun » ("Teaching Tools for Young Children") nan St. James Children's Center nan Islamorada. Se premye a nan yon seri twa atelye travay, sesyon travay sa a konsantre sou kijan pou ede pwofesè yo kreye plan pratik pou konfwonte konpòtman difisil sèten timoun nan sal klas la.

### Pa bliye dat sa yo:

**Reyinyon Komite konsiltatif Konte Monroe**  
Mèkredi 28 janvyè 2009; 1è:00 p.m.  
Monroe County School District Board Room, 241 Trumbo Road, Key West

Tanpri vini jwenn pèsonèl ELC a, manm konsèy Monroe ELC a ak patnè kominotè nou yo pandan n ap diskite enfòmasyon enpòtan ki konsène kominote founisè edikasyon ak swen prekòs nou an.

\*Li posib pou patisipe grasa videyokonferans distri lekòl la nan Marathon High School, Room 2106; ak nan Coral Shores High School, Library Media Center Conference Room, Tavernier. Pou kapab patisipe grasa yon apèl konferans, nimewo pou konekte w se 1-888-813-8477, kòd la se 143130.

### **Fòmasyon osijè Estandan VPK pou lane 2008 (pou tout nouvo enstriktè VPK yo)**

Fòmasyon yo: Val Taylor, Wesley House/Trina Rodriguez, Monroe ELC  
Samdi 31 janvyè 2009; 1è:00 p.m. rive 4è:00 p.m. (midi)  
Wesley House, 1304 Truman Avenue, Key West  
Tanpri rele Val Taylor nan 809-5000 pou fè rezèvasyon

### **Fòmasyon pou mizajou VPK (pou enstriktè kit e deja patisipe nan Fòmasyon osijè Estanda VPK yo)**

Upper Keys  
(Fòmasyon yo deja fini)

Lower Keys  
Fòmasyon yo: Val Taylor, Wesley House/Trina Rodriguez, Monroe ELC  
Samdi 31 janvyè 2009; 10è:00 a.m. rive 12è:00 p.m. (midi)  
Wesley House, 1304 Truman Avenue, Key West  
Tanpri rele Val Taylor nan 809-5000 pou fè rezèvasyon

### Èvènman ki òganize nan Konte Monroe

38yèm Kèmès Lasante anyèl Florida Keys  
Samdi, 24 janvyè 2009; 9è:00 a.m. rive 2è:00 p.m.  
Fisherman's Hospital nan Marathon, Egliz Methodist ak Baptist sou Big Pine, ak nan Key West High School

Sèvis swen sante pou adilt GRATIS (ki gen ladann deteksyon kansè po, tansyon, deteksyon dyabèt, test pou zye, tès deteksyon kansè kolon (entesten), Pap smears, elatriye) disponib nan tout 3 anplasman yo. Se University of Miami Miller School of Medicine ak Florida Keys AHEC ki òganize kèmmès sou lasante yo.

\*Nòt : Evalyasyon sante timoun yo disponib nan adrès Marathon ak Key West yo.\_ Si w ta renmen resevwa plis enfòmasyon, tanpri rele nan (305)243-4898 oswa kontakte [www.umdocs.org](http://www.umdocs.org).